

Pwogram Vizit Lakay Tibebe ki Fèk Fèt



N ap Ede Ou
ak Nouvo Tibebe W Lan





"Newborn Home Visiting Program"
(Pwogram Vizit Lakay Tibebe
ki Fèk Fèt la) pote sipò pou
ou ak tibebe w lan (laj 0 a
3 mwa) pandan kèk premye
semèn yo apre nesans la.
Nan kad pwogram nan,
yon pwofesyonèl lasante ap
vin wè ou ak tibebe w lan
pou ede ou nan zafè bay
tibebe manje, ba ou ti
konsèy pou sante ak
sekirite, epi mete ou
ak fanmi ou an kontak
ak plis resous toujou.





Kiyès ki kapab enskri?

- Moun ki paran pou premye fwa ki rete nan katye Gwoup Travay sou Entegrasyon ak Egalite Rasyal (Taskforce on Racial Inclusion and Equity, TRIE) yo
- Tout fanmi ki gen yon tibebe ki gen ant 0 ak 3 mwa e ki:
 - Rezidan Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) nan katye TRIE yo
 - Ap patisipe nan Administrasyon pou Sèvis Timoun yo (Administration for Children's Services, ACS) nenpòt ki kote nan vil la
 - Rete nan yon abri Depatman Sèvis pou Sanzabri an (Department of Homeless Services, DHS) nenpòt ki kote nan vil la

Rele **311** pou konnen si ou kalifye, oswa eskane kòd QR ki sou do bwochi sa a pou jwenn yon lis kòd postal katye TRIE.

Konbyen pwogram nan koute?

Pwogram nan **gratis** e ou pa oblige patisipe.

Kiyès k ap vin wè ou ak tibebe w lan?

Yon pwofesyonèl lasante ki sòti nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la ap vin wè ou ak tibebe w lan kote ou rete a.

Pwofesyonèl lasante yo se konseye ki fòme nan zafè bay tete ki konprann sa ou ak tibebe w lan bezwen pou nou ka an sante. Pou plis sipò, gen enfimyè, travayè sosyal ak espesyalis nan zafè bay tete ki disponib tou, si sa nesesè.

Kisa k ap pase pandan vizit la?

Pwofesyonèl lasante yo ap:

- Pale avè w de kijan tibebe w lan ak tout lòt timoun ki rete lakay ou a ap **devlope**
- Ba ou sipò pou alimantasyon tibebe a, sa gen ladan **bay tete**, epi okipe tout sa k ap trakase ou
- Montre ou kijan pou w mete tibebe w lan **dòmi san danje**
- Ba ou ti konsèy pou **rapwoche ou** de tibebe w lan
- Ba ou sipò pou **sante mantal** epi mete mete ou an kontak ak plis resous toujou
- Ede ou kreye yon anviwònman san danje lakay ou — nan verifye si gen detektè lafimen oswa pwoteksyon fenèt ki manke oswa penti k ap dekale ki ta ka gen plon ladan — epi ede ou rapòte yo (paregzanzp, bay mèt kay ou a oswa nan nimewo **311**)
- Mete ou an kontak ak **lòt sèvis**, tankou asirans maladi ak swen medikal

Kijan pou mwen enskri?

Si ou fèk akouche e ou pa tandem pèsonn nan pwogram nan, rele **311** oswa biwo Pwogram Vizit Lakay Tibebe ki Fèk Fèt la nan katye ou pou konnen si ou kalifye. Pou yon lis nimewo telefòn biwo pwogram nan, gade do bwochi sa a.





"Travayè lasante a eksplike mwen sekirite nan bèso ak danje ki genyen nan dòmi nan menm kabann ak tibebe mwen an."

Donna, 26 zan

"Mwen te enkyè pou ptit pi gran mwen an pa devlope jan li ta dwe a. [Travayè lasante] ki vin wè nou an mete mwen an kontak avèk "Early Intervention Program" (Pwogram Entèvansyon Bonè a) pou wè si ptit gason mwen an te bezwen èd."

Angelina, 24 ran

"Mwen pa t konnen pa t gen pwoblèm pou mwen bay tete sèlman, donk mwen t ap bay tibebe mwen an fòmil tou. [Travayè lasante a] di mwen lèt tete a ase."

Nicole, 21 nan





Biwo Pwogram Vizit Lakay Tibebe ki Fèk Fèt yo

**Pou moun New York nan tout
minisipalite yo, rele**
718-637-5235.

**Pou moun New York ki rete nan yon
abri Depatman Sèvis pou Sanzabri an
nan kèlkeswa minisipalite a, rele**
718-466-7013.



Pou plis enfòmasyon, ale sou
nyc.gov/health epi chèche
"newborn home visiting program"
(pwogram vizit lakay tibebe ki fèk fèt),
oswa eskane kòd QR ki pi wo a.

Ou gen dwa pou w resevwa sèvis NYC
yo nan lang ou pi pito a. Lè ou rele **311**
oswa yon biwo pwogram nan, mande
pou sèvis entèpretasyon pou vizit tibebe
w la ap resevwa lakay la.